



**Olga Hugelmeyer**  
Superintendent of Schools

16 Mas 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Elizabeth:

Premye priyorite Lekòl Piblik Elizabeth yo se kontinye sipòte sante elèv nou yo ak manm ekip nou yo epi kreye anviwònman aprantisaj san danje. Ofisyèl sante piblik yo kontinye enfòm nou ke distans sosyal la se estrateji ki pi efikas pou anpeche pwopagasyon COVID-19. Malgre nou toujou pa gen okenn ka prezime COVID-19 nan distri nou an, mwen kwè kenbe yon pozisyon aktif nan sitiyasyon sa enpòtan. Premye priyorite nou se sante ak sekirite elèv lekòl piblik Elizabeth yo ak manm ekip yo, e mwen kwè ke desizyon pou fèmen distri a ale dirèk ak responsablite sa.

Tout etablisman Lekòl Piblik Elizabeth yo ap fèmen aprè lekòl lage Lendi 16 Mas 2020 jiska nouvèl lòd. Tout vwayaj, evènman lekòl, ak aktivite, ki gen ladan program Samdi, yo anile tou, efektif imedyatman. Nou pral evalye sitiyasyon an chak semèn e si sa nesèsè, prolonje program remote aprantisaj nou an.

Vandredi, 13 Mas, manm ekip nou yo pral distribye pake enstriksyonèl pou elèv ki nan klas PK - 2 ak odinatè pòtab bay elèv ki nan klas 3-8 ak 9-12 pou ede fanmi nou yo. Nou konnen ke yon peryòd pwolonje fèmen lekòl kapab lakòz gro defi pou fanmi ak elèv yo. Silvoupè abitye ak resous ki anba yo. Tanpri sonje ke si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kominike pa e-mail a profesè pitit ou a ak / oswa direktè lekòl la. Tout profesè yo ap disponib sou entènèt de 9:00 a.m. - 10:30 a.m. ak 1:30 p.m. - 3:00 p.m.

### **Resous** **Sit entènèt**

- **Ou ka jwenn tout enfòmasyon ki nesèsè sou sit entènèt nou an ([www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)). Klike sou lyen pou E-Remote Learning sou nenpòt nan paj nou yo. Sit entènèt nou an gen ladan tout lyen ki mennen nan resous ki pa fè-pati lekòl la ke ou ka bezwen pandan tan sa. Nou rekòmande pou li tout resous sa yo pou ou ka byen prepare.**

### **Travay Pou Jou Lekòl**

- **Nou bezwen èd ou. Chak elèv nan klas 3-8 ak 9-12 dwe branche chak jou pou itilize non itilizatè distri yo ak modpas yo pou fè devwa yo.**
- **Nou mande ke ou fè sa chak jou pa pita pase 9:00 a.m., kòmanse Madi, 17 Mas.**
- **Si pitit ou pa kapab antre pou kontli, nou mande pou yon paran / gadyen ede pitit pa yo branche sou sit la.**

---

### **Office of the Superintendent of Schools**

500 North Broad Street, Elizabeth, New Jersey 07208 • Ph: 908.436.5010 • Fax: 908.436.6133  
Email: [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)

## E-Remote Learning Plan

- **Platfòm E-Remote Learning pral ouvri ofisyèlman a midi Lendi 16 Mas 2020.**
- **E-maill ak modpas Distri yo enkli nan kominikasyon sa nan ka elèv yo bezwen sipò.**
- **Resous yo**
  - **Direksyon PowerSchool ou ka jwenn [isit la](#).**
  - **Branche sou lèt Outlook [isit la](#), itilize email distri pitit ou a ak modpas.**
  - **Powerschool Unified Classroom. Elèv ap bezwen konekte nan Microsoft sèvi avèk e-mail elèv la ak modpas.**
    - **[Kijan pou gen aksè a Powerschool Unified Classroom](#)**
    - **[Powerschool Unified Classroom èd ak Sipò](#)**
  - **Entènèt gratis ofri pa Altice / Cablevision. Tanpri chwazi optimumwifi-Emergency kòm koneksyon WIFI ou. Li ap travay sou nenpòt aparèy distri lekòl Elizabeth la ofri.**
  - **Pou Èd Jeneral - Kominike avèk profesè salklas ou.**
  - **Pou Èd Teknoloji, tanpri email: [HelpDesk@epsnj.org](mailto:HelpDesk@epsnj.org)**

Tanpri sonje ke tout aktivite distri yo anile jiska nouvèl lòd. Tout kominikasyon avèk manm ekip nou an ak paran yo pral sou platfòm entènèt nou an. Telefòn distri yo pa pral fonksyone; tanpri pa rele lekòl ou yo.

Fanmi ki kalifye pou dejene gratis ak Redui e manje midi yo pral jwenn enfòmasyon konsènan program manje nou yo.

Nou konnen ke elèv yo ka gen difikilte ak sitiyasyon sa. Tanpri gade nan [paj Byennèt](#) nou an pou resous kominote a, ki gen ladann resous espesifik sou ki jan pou pale ak elèv ou yo konsènan sitiyasyon sa. Tout konseye pedagogik, travayè sosyal ak responsab ka yo ap disponib sou entènèt de 9:00 a.m. - 10:30 a.m. ak 1:30 p.m. - 3:00 p.m.

Nou apresye sipò ou ak konpreyansyon sou desizyon sa. Nou pral kontinye kenbe kominikasyon regilye ak ofisyèl sante piblik lokal, rejonan, ak eta nou yo e kominote lekòl piblik Elizabeth nou yo pandan lekòl la fèmen. Mèsi pou ede nou kenbe kominote nou an sekirite.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer

Elizabeth Public Schools offers translation accessibility of district communication and materials. For further assistance, please contact [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org).

Las Escuelas Públicas de Elizabeth ofrecen accesibilidad de traducción de comunicación y materiales del distrito. Para obtener más ayuda, comuníquese con [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org).

As Escolas Públicas de Elizabeth oferecem acessibilidade à tradução de materiais e comunicação do distrito. Para obter mais assistência, entre em contato com [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org).

Lekòl Piblik Elizabeth yo ofri tradiksyon aksè nan kominikasyon distri a ak materyèl yo. Pou plis asistans tanpri kontakte [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org).

المدارس بمنطقة إليزابيث التعليمية بتقديم خدمة الترجمة لجميع اللغات.

في حالة الحاجة لهذه الخدمة المقدمة اتصل [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org).